

Fogarty Elementary School ap òganize premye Trunk or Treat li.

# KONEKSYON

28 OKTÒB 2022

## KWEN SIPÈ-ENTANDAN AN

Byenvini nan dènye edisyon bilten chak de semèn Distri Lekòl Piblik Providence (PPSD) la! Si oumenm oswa yon moun ou konnen rate nenpòt nan bilten nou yo, ou ka jwenn edisyon ki pase yo sou sitwèb Distri a nan plizyè lang.

Oktòb se **Mwa Direktè Nasyonal** la, yon moman pou rekonèt wòl prensipal ke direktè yo jwe nan rann yon lekòl yon trè bon espas pou travay ak pou aprann. Isit la nan Providence, nou genyen anpil chans pou genyen anpil edikatè ekstrawòdinè k ap dirije batiman nou yo. Sa genyen ladan **Pi Bon Direktè pou Ane a** nan Rhode Island pou 2022 AK **Pi Bon Direktè Adjwen pou Ane a** nan Rhode Island pou 2022 a!



Sipè-entandan Javier Montañez Ed. D., agoch, ak Direktè Hope High School la Francisco Velasquez ki kanpe devan yon penti miral nan Hope High.

Mwen te genyen chans pou sèvi antanke alafwa yon direktè adjwen ak yon direktè isit la nan Providence pandan anpil lane. Mwen trè byen sonje defi ak lafwa ki te genyen nan travay mwen an. Ak estrès pandemi an te ajoute a te sèlman rann travay la plis egzijan pandan kèk ane ki sot pase yo. Se pou rezon sa a mwen vle asire ke n ap fè tout sa nou kapab antanke yon Distri pou sipòte lidè lekòl nou yo. Nou te lanse plizyè nouvo resous ak pwogram fòmasyon pou direktè yo pou ede yo jere batiman yo a epi grandi antanke lidè.

Men tou li enpòtan pou nou tout fè yon ti kanpe tanzantan pou monte sipò nou epi di mèsi pou travay direktè nou yo ap fè pou elèv ak manm pèsonèl nou yo, jou aprè jou. Kidonk tanpri pran tan pou fè direktè nou yo konnen ou apresye yo avèk kèk mo jantiyès oswa avèk yon nòt. Sa vrèman vle di anpil bagay. Mwen pa te ka plis fyè de direktè divèsifye, direktè dilijan, direktè ki devwe nou yo nan Lekòl Piblik Providence yo. Mèsi avèk nou tout paske nou te ede elèv nou yo reyisi.

## MIZAJOU DISTRI A

### SEMÈN SANSIBLIZASYON POU SIKOLOJI ESKOLÈ

Apati 7 rive 11 Novanm, lekòl yo nan peyi a pral selebre **Semèn Sansiblizasyon Nasyonal Pou Sikoloji Eskolè a**. Sikològ Eskolè yo nan Lekòl Piblik Providence yo sipòte kapasite elèv yo ak kapasite pwofesè yo genyen pou anseye. Sikològ eskolè yo bay sipò akademik, konpòtmantal, ak sipò sante mantal. Epitou yo bay evalyasyon, estimasyon, analiz done, konsiltasyon avèk pwofesè yo ak fanmi yo, prevansyon ak entèvansyon kont kriz, ak sipò pou divès elèv pandan y ap ankouraje akonplisman ak byennèt elèv la. Kidonk asire ou pran tan pou remèsye yon sikològ eskolè pou tout sa yo fè!

### MAKE KALANDRIYE W YO

Kòmansman Novanm pote plizyè dat ki enpòtan pou sonje. Premyèman, **lè ete** fini nan **Dimanch 6 Novanm nan**, kidonk sonje pou "retounen" inèdtan epi fè yon ti dòmi anplis! Epitou, pa genyen lekòl nan **Jou Eleksyon an**, **8 Novanm**, epi pa genyen lekòl nan **Jou Veteran yo**, **11 Novanm nan**, nan lonè moun ki te sèvi nan fòs lame Etazini yo.

### KLINIK GRATIS POU GRIP

Final nan yon seri klinik vaksen pou grip nan Lekòl Piblik Providence yo pral òganize nan **Nathanael Greene Middle School** nan 721 Chalkstone Avenue nan jou **Mèkredi 2 Novanm nan**, soti 4:00 p.m. rive 7:00 p.m. Tanpri sonje ke enskripsyon sou entènèt nan schoolflu.com nesesè pou garanti yon randevou. Y ap otorize pou moun vini san randevou selon resous ki disponib yo.

### FANMI PRE-K YO KAPAB ELIJIB POU LAPTÒP GRATIS

Lekòl Piblik Pwovidans yo Providence yo **fannmi Pre-Matènèl yo** kapab elijib pou resevwa yon òdinatè laptòp gratis! Sèvis Edikasyon PBS Rhode Island lan ap fè patenarya avèk Waterford Upstart pou bay fanmi ki kalifye yo yon laptòp gratis ak WiFi pou jwenn aksè nan resous edikatif wot kalite pou premye anfans. Anplis, fanmi yo pral konsève laptòp la nan fen pwogram 1 ane a. Fanmi elèv Pre-K yo ka enskri nan www.waterford.org/upstart pou detèmine si ou elijib.




## EKITE NAN LEKÒL PIBLIK PROVIDENCE YO

### EKIP EKITE AK APATENANS NOU AN AP GRANDI!

Distri Lekòl Piblik Providence lan kontan anpil epi fyè pou akeyi nouvo manm pèsonèl sa yo pou kontinye bay resous ak sipò ki koresponn ak bezwen elèv la, pou chak elèv nan chak lekòl:

- **Aarav Sundaresh**: *Direktè Ekite ak Apatenans*
- **Carian Diaz**: *Responsab Tit IX & EEO*
- **Denezia Fahie**: *Espesyalis Ekite ak Sipò pou Apatenans*

Ou ka aprann plis sou manm ekip nou yo ak wòl yo jwe nan sipòte elèv nou yo pandan w ap klike isit la pou li dènye Bilten sou Ekite ak Apatenans.

### BLACK MEN IN WHITE COATS YOUTH SUMMIT




Evènman sa a pral reyalize nan dat 29 Oktòb 2022 a nan Warren Alpert Medical School nan Brown University. Plis enfòmasyon disponib isit la. Plis enfòmasyon disponib isit la.

### KONFERANS RESPECT STUDENT EQUITY LEADERSHIP

Konferans **(Raising Expectations for Student Perspectives, Experiences, Consciousness, and Traditions, RESPECT) "Ogmante Atant pou Pèspektiv Elèv, Konsyans, ak Tradisyon"** pral fèt nan Marriott Hotel ki sitiye nan Orms St. nan Providence, soti 8:30 a.m. - 2:30 p.m., nan dat 16 Novanm nan. Konferansye Prensipal la ak Animatè sesyon sa a pou 60 lidè elèv lekòl segondè yo se pral **Mr. William Winfield**, youn nan oratè pwofesyonèl yo plis chèche pou enspire epi aktive elèv ak edikatè yo Ozetazini.

## SELEBRESYON ELÈV YO

Elèv ki travay di ak talan nou yo ap fè bagay anpil bon bagay chak jou. Men jis kèk egzanp.



### Fèt An Kostim Pleasant View

Nan kòmansman mwa sa a, elèv yo ak manm pèsonèl la nan **Pleasant View Elementary** te montre lespri Halloween yo nan mòd nan fèt an kostim anyèl lekòl la! Si ou deja wè yon lyon ki pi bèl pase sa, tanpri fè nou konnen. Fèt kostim nan se yon trè bèl fason pou ranfòse lyen kominotè yo avèk lekòl la epi montre elèv yo ak paran yo ke manm pèsonèl ak administratè Pleasant View yo pral toujou ale odela epi pi lwen pou timoun yo a!



### Trunk or Treat nan Young Woods

Se te yon gran patisipasyon pou Trunk or Treat nan **Young Woods Elementary**! Tèlman anpil bèl kostim ak anpil vizaj k ap souri. Yon gwo remèsiman pou pwofesè yo ak manm pèsonèl la ki rann gran evènman sa a posib pou elèv yo ak fanmi yo!



### Wotasyon Literè nan Vartan Gregorian

Gade pasyone bibliyotèk sa yo nan **Vartan Gregorian Elementary**! Elèv yo ap patisipe nan Wotasyon Literè, kote yo pase nan diferan pòs epi patisipe nan divès aktivite lekti ak aprantisaj. Se yon bèl fason pou angaje elèv yo nan lekti!



### Modèl Wòl Kizirian yo

Al gade modèl wòl **Kizirian** sa yo! Yon fwa pa semèn, elèv 5yèm ane yo fè patenarya avèk elèv ki nan Pre-K yo pou ede sipòte yo avèk konpetans motris fin yo pandan ansèyman. Nan imaj sa a, yon elèv klas 5yèm ane ede yon elèv Pre-K ekri non l. Mèsi ou se yon gran modèl wòl konsa pou pi jèn elèv nou yo!



### Fèt Mwason nan Veazie Street

Mwa sa a, elèv yo ak fanmi yo nan **Veazie Street Elementary** te selebre Fèt Mwason pandan y ap aprann plis sou Pwogram Safe & Caring lekòl la. Pwogram nan ankouraje konpetans nan ranfòsman relasyon pozitif, li bay estrikti ak woutin, li defini atant ki klè, epi li selebre bon priz desizyon. Elèv yo te akeri yon pi bon aprantisaj sosyo-emosyonèl epi yo te anmezi pou angaje nan aktivite tankou Fabrikasyon yon Atrap Kòlè (pou soutni jesyon kòlè), Feelings Bingo ak I Spy Emotions (pou idantifye emosyon) ak Aktivite Calming Corner (estrateji pou elèv yo kontwole tèt yo). Finalman, elèv yo te patisipe epi siyen yon pwomès anti-entimidasyon pandan pwogram nan.



## PWOFIL ANPLWAYE A

Aprann konnen moun ki ekstrawòdinè k ap travay ak elèv nou yo chak jou!

**Heather Simons**

*Pwofesè Entegre ELL Dezyèm Ane*

Sitiye nan: **Pleasant View Elementary School**

Te Rejwenn PPSD nan: **2000**

***Kijan ou t ap dekri travay ou pou yon moun ki p ap travay nan edikasyon?***

Dezyèm lane se yon lane ki esansyèl. Elèv yo ap fini aprann li, epi y ap antre nan lekti pou aprann. Kidonk mwen enpasyan pou konstwi lektè ki solid ak ekriven pami 23 moun ki inik anpil ki kapab pale oswa ki kapab pa pale Anglè, ak elèv ki kapab genyen oswa ki kapab pa genyen yon andikap nan aprantisaj. Genyen anpil bezwen sosyo-emosyonèl tou, kidonk nou konstwi sipò sa yo ak sipò pou lang tou. Tout bagay sa yo pandan w ap pase sou lòt bagay epi mete w ap aprann etenn dife nan menm moman an!

> "Pwomès lekòl nou an se 'Fyète, pèseverans, respè, entegrite, detèminasyon, ekselans.' Sa pèmèt elèv yo pouswiv etid yo pandan ane k ap vini yo -- sa se objektif la."

***Kijan aprantisaj entegre enpòtan pou elèv ou yo?***

Oh li esansyèl pou elèv mwen yo tou menm jan ak sa yo nou genyen ki plis jèn yo. Ou dwe sonje, kèk nan elèv nou yo te toujou nan aprantisaj adistans sa pa genyen twò lontan. Kidonk kèk bagay konsènan ale lekòl toujou nouvo. Youn nan pi bon bagay konsènan lè yon pwofesè se yon pwofesè ESL entegre nan nivo sa a sèke tout elèv yo, san konsidere lang matènèl yo, toujou ap aprann pale, li, ak ekri Anglè. Yo tout ap konstwi vokabilè Anglè yo ak konesans sou devlopman kontni. Elèv yo genyen anpil bagay pou aprann nan men youn lòt. Devlopman konpetans ekout ak sipò diskou yo nan kontni ede ranfòse kilti ti kominote aprantisaj nou an.

Nan Pleasant View, nou nan gwoup soti nan jadendanfan jiska dezyèm ane, kidonk elèv dezyèm ane nou yo se modèl wòl. Ou montre yo fason pou mete yo nan liy, pou bayu tout efò yo, ak fason pou genyen mantalite kwasans sa a. Yo bezwen konnen ke li nòmal pou fè erè. Erè se prèv ki fè konnen n ap eseye. Mwen toujou di elèv mwen yo li nòmal pou di, 'Mwen poko konnen,' nou tout pa te aprann mache nan menm moman an. Pwomès lekòl nou an se "Fyète, pèseverans, respè, entegrite, detèminasyon, ekselans." Sa pèmèt elèv yo pouswiv etid yo pandan ane k ap vini yo -- sa se objektif la. Nou menm genyen elèv ki dirije pwomès la nan maten, pou bay ton sa a pou timoun ki pi jèn yo.

***Kisa ou ta renmen plis moun konnen sou metye pwofesè a?***

Mwen panse moun genyen yon iede ke se yon travay ki difisil, men pafwa mwen vrèman swete yo te ka mache yon kilomèt nan plas nou. Epi pa mal konprann mwen, genyen anpil moman kè kontan. Men genyen anpil moman ki difisil anpil tou. Nou wè timoun piti yo ki te travèse anpil bagay nan lavi yo deyò lekòl la. Ou dwe verifye pwòp bagaj ou nan pòt la lè ou vini, epi ou dwe konprann ke elèv yo pa toujou vini prè pou aprann chak jou. Epi ou pa toutafè fini lè ou soti nan pòt la. Genyen anpil bagay ki pou konsidere, keseswa se isit la nan lekòl la oswa lakay.

***Kisa ou plis enpasyan pou wè pandan ane lekòl sa a?***

Nou kòmanse remake gwo pwogrè nan lekti. Mwen panse nou genyen kèk bèl ansèlman ki ankou, epi yo pral abòde kèk nan eka sa yo ke lekòl yo kòmanse remake apati COVID la. N ap kite dwèt nou kwaze pou espere ke lekti pral ogmante ak gran pa. Lòt bagay mwen renmen se wè konbyen elèv k ap grandi nan yon lane. Menm aprè ane a fini, timoun yo ale - men yo pa janm vrèman ale. Youn nan ansyen elèv mwen yo te pase yon moman difisil avèk pwoblèm sosyo-emosyonèl epi li te mete tèt li akote paske li te genyen pwoblèm pou kontwole tèt li. Li te tèlman grandi pandan ane a, epi kounyeya mwen tande kijan li vin devlope, l ap jere pwòp emosyon l pi byen, epi l ap epanouyi. Bagay sa yo fè estrès la vo lapèn!

## SE BON NOUVÈL: PPSD NAN LAPRÈS

- Hometown Hero: Jordan Duke, Classical
  WPRI, 24 Oktòb 2022
- Classical alum Jeremy Peña wins ALCS MVP, Astros advance to ALCS
  ABC6, 24 Oktòb 2022
- Fason edikatè Providence yo ap fè toumoun yo retounen lekòl
  Jounal Providence, 21 Oktòb 2022
- Matos hosts Hispanic Heritage Month ceremony honoring local heroes
  ABC6, 15 Okòb 2022
- Providence Students Meet Poet Laureate
  ABC6, 13 Oktòb 2022

## NAN DISTRI A



### POET LAUREATE NAN LAURO

Mwa sa a, Rhode Island Poet Laureate **Tina Cane** te vini nan **Carl G. Lauro Elementary School** pou fè lekti ak pou ekri powèm avèk elèv kaytriyèm ak elèv senkyèm lane yo. Se te yon gran opòtinite pou elèv yo aprann plis sou pwezi alekri, pandan y ap ankouraje yo pou itilize plizyè langaj ak teknik pou eksprime tèt yo nan ekriti yo. Yo te menm ekri yon powèm an gwoup avèk Mme cane! Mèsi pou paske ou te vizite Lauro!



### FISH FRIENDS NAN SPAZIANO

**Woonasquatucket River Watershed Council** (WRWC) te fè patenarya avèk saldeklas 4yèm lane yo nan **Spaziano Elementary** pou pote pwason nan saldeklas yo. Pwogram sa a ofri aprantisaj syans pratik ki santre sou elvaj twit nan rivyè nan saldeklas la. Yo jeneralman tounen lage pwason yo apresa nan nati a. Remèsiman espesyal pou travayè sosyal Dale Folan, estajyè travay sosyal nan Spaziano, Ganyan Golden Apple pase a Crystal Evora, ak Amanda Peavey nan WRWC paske yo te ede kowòdone pwogram sa a.



### ELÈV DIPLOME CLASSICAL LA DIRIJE EKIP NAN SERI MONDYAL YO

Felsitiyasyon pou diplome 2015 la nan **Classical High School** la **Jeremy Peña**, kounyeya ki se yon debitan nan Major League Baseball's Houston Astros, dènyèman ki te ede ekip li a atenn Seri Mondyal yo! Yo te nome Peña kòm Jwè ki Genyen Pliz Valè nan Seri Chanpyona Lig Ameriken an. The Astros pral òganize Philadelphia Phillies nan Jwèt 1 nan sware Vandredi pou Seri Mondyal yo, nan dat 28 Oktòb la.



### PI BON PWOFESÈ NAN MWA A NAN DELSESTO

Felisitasyon ak pwofesè matematik 6yèm ane a **Michele Pistocco** ak manm pèsonèl **Marisol Lebron** paske li resevwa rekonpans Pi Bon Pwofesè Nan Mwa a ak Pi Bon Manm Pèsonèl Nan Mwa a, yon fason respektif, nan **DelSesto Middle School**. Yo toude ale pi lwen chak jou pou fè DelSesto yon pou pi bon lye ak yon lye ki plis akeyan pou elèv ak kòlèg yo. Nou apresye tout sa ou fè!




### ENFIMYÈ KI RESEVWA PRIM

**Enfimyè yo nan Lekòl Piblik Providence yo**, ansanm ak diplome nan Classical High School, te resevwa onè nan men Lyetnan Gouvènè Rhode Island lan Sabina Matos avèk Community Hero Awards pou kontribisyon yo nan ede kominote Ispanofòn nan pandan pandemi COVID-19 la. **Donna O'Connor**, yon enfimyè nan PPSD depi 1994, te jwe yon wòl enpòtan nan travay li nan Distri a, epi li te montre egzanp sa a plis lè pandemi COVID-19 la te frape a. **Dr. Eugenio Fernandez**, yon diploma nan Classical High School, te jwe yon wòl enpòtan tou pandan pandemi COVID-19 la, epi li te ede bay moun yo vaksen nan kominote a atravè famasi li a. Mèsi avèk yo, epi mèsi ak tout enfimyè PPSD yo pou travay dilijan yo ak kontribisyon yo nan Distri a.









**Sipòte Anthony Carnevale Nouvo Terendje ki genyen tout bagay nan Lekòl Elemantè a!**

**DINE PAT**
11 Novanm
6:00 p.m.
Tri City Elks Lodge #14
1915 West Shore Road, Warwick, RI

Yo envite tout fanmi ak manm pèsonèl PPSD yo!
Pou achte tikè vizite:
*https://www.eventbrite.com/e/fall-event-pasta-dinner-tickets-440994655887*

Pou sipòte dirèkteman:
https://unlimitedplay.org/.../carnevale-elementary.../

## MAKE KALANDRIYE W YO!

- **URI CAMPUS JOU EVÈNMAN AN**
  Vandredi 4 Novanm
- **LÈ ETE**
  Dimanch 6 Novanm
- **JOU ELEKSYON**
  (PA GEN LEKÒL)
  Madi 8 Novanm
- **FÈT VETERAN**
  (PE GEN LEKÒL)
  Vandredi 11 Novanm
- **RANKONT AVÈK KOMISYON LEKÒL LA**
  Mèkredi 16 Novanm



## NOVANM MENI LEKÒL LA

**FÈT LOKAL SODEXO'S RI** - *9 Novanm*

Fèt Lokal **RI** nan mwa sa a se 9 Novanm! Genyen pwodwi fre RI ak pwodwi rejyonal ki genyen ladan ba dejne, pòm, pwason, pat pizza, salad poul, pòmdetè, ak legim!

Make kalandriye ou yo pou yon prezantasyon Parent University, **Repa Lekòl ak Angajman Elèv yo avèk Sodexo,** nan jou Madi 1 Novanm soti 6-7:30! Aprann sou repa GRATIS lekòl yo ak angajman elèv atravè Pwogram Nitrisyon Timoun ki òganize pa Sodexo nan Providence lan.

Klike sou lyen sa a pou rejwenn Gwoup **Travay Sèvis Manje pou Paran nan PPSD** jodia a pou rejwenn rankont chak trimès yo epi bay fidbak sou repa lekòl yo!

Genyen kèk bagay tèrifik k ap pase nan Distri a epi nou vle mete tout moun okouran! Si ou gen yon pwogram, yon evènman, yon manm pèsonèl la oswa yon elèv ki genyen yon bèl istwa li ta renmen pataje, tanpri voye yon imèl bay communications@ppsd.org.

Providence Schools

© 2022 Providence Public Schools · communications@ppsd.org · www.providenceschools.org